


# Gid Inisyasyon Rapid

## Pou Siyen Soti ak Aplikasyon Mobil EVV a

PCA yo pral itilize Aplikasyon Mobil EVV a sou aparèy entelijan yo pou siyen antre ak soti nan chak orè travay.


### 1 Etap 1 - Konekte

Nan fen orè travay ou, tape sou ikòn la pou ouvri Aplikasyon Mobil EVV a.



Aprè, konekte nan Aplikasyon Mobil EVV a.

Tape sou **End Shift** (Fini Lè Travay) anba ekran an.



## 2 Etap 2 - Fen Lè Travay


Nan fenèt Confirm End Shift (Konfime Fen Lè Travay) la, tape **End Shift** (Fini Lè Travay) la pou siyen soti nan lè travay ou.

Ou kapab tape sou **End Shift & Start New Shift** (Fini Lè Travay epi Kòmanse Nouvo Lè Travay) si w ap ede yon lòt Konsomatè.

Sistèm EVV a konte jou konje yo otomatikman.

**Remak:** Aplikasyon Mobil EVV a pral ajoute lè travay ou a otomatikman nan Pòtay EVV a. Si ou konekte sou entènèt lè ou fini lè travay ou a, sa pral fèt imedyatman.

Si ou pa gen entènèt nan moman w ap fini lè travay ou a, se pa yon pwoblèm – toutfw, **ou pral bezwen konekte ak entènèt nan fen peryòd pewòl la, pou lè travay la ka moute.**






## Anile Orè Travay

Pou anile yon orè travay pou li ka efase san li pa anrejistre, ou dwe klike sou flèch retounen ki sou bò goch non Konsomatè w la anwo ekran w lan.

Ou gen opsyon pou ou **Navigate Away** (Deplase Kite) orè travay la pandan w pèmèt li kontinye anrejistre, oswa pou ou **Cancel Shift** (Anile Orè Travay), sa ki efase pwogresyon aktyèl la.



**Ou kapab siyen soti nan lè travay yo ak Aplikasyon Mobil EVV a kounye a.**